

**MEMORANDÒM KONPREYANSYON TIP A**

**AKÒ ANT BOSTON PUBLIC SCHOOLS AK  
BOSTON DAY AND EVENING ACADEMY  
YON LEKÒL ENDEPANDAN HORACE MANN**

AKÒ ant Boston Day and Evening Academy ("BDEA"), yon Lekòl Piblik Endepandan Horace Mann, ak atravè Komisyon Administrasyon ("the Board"), ak Komite Lekòl Vil Boston an, epi atravè Depatman Edikasyon Piblik li a ("BPS") Nan konsiderasyon kontra mityèl ki genyen nan akò sa a, BDEA ak BPS dakò sou bagay sa yo:

LÈ NOU KONSIDERE KE, seksyon 89, Chapit 71 Lwa Jeneral Massachusetts la bay Pwopriyete Komen (Commonwealth) Massachusetts, Ministè Edikasyon Primè ak Segondè ("Massachusetts DESE"), Administrasyon Edikasyon Primè ak Segondè otorite ak pouvwa pou apwouve fonksyonman yon lekòl piblik kòm yon lekòl endepandan (apati de akò sa a, "Horace Mann Charter School"), pou ankouraje devlopman pwogram inovan nan edikasyon piblik, pou bay opòtinite pou aprantisaj ak evalyasyon inovan, pou ankouraje pwogram edikatif ki baze sou pèfòmans, ak lòt objektif edikatif esansyèl; ak

LÈ NOU KONSIDERE, DESE Massachusetts pwomilge estanda ak pwosedi pou fonksyonman Lekòl Endepandan Horace Mann yo selon 603 CMR §1.00 *et seq.*; ak

LÈ NOU KONSIDERE, an Fevriye 2018, ak konstitif (charter) pou BDEA te renouvle san objeksyon pou yon peryòd senkan soti 1 Jiyè 2018 jiska 30 Jwen 2023.

LÈ NOU KONSIDERE, pati yo vle delimite dwa ak responsablite respektif yo nan limit ke lalwa Massachusetts pa konplètman dekri, epi pou yo konfòme yo avèk estanda ak pwosedi ki dekri yo;

KOUNYE A, lè nou konsidere kontra mityèl ki genyen nan akò sa a, pati yo nan dokiman sa dakò ansanm konsa:

1. Fonksyonman kòm yon Lekòl Endepandan Horace Mann.
  - a. BPS dakò pou l bay BDEA pèmisyon ak posiblite pou l fonksyone kòm yon Lekòl Endepandan Horace Mann konfòmeman avèk: (1) M.G.L. c. 71, §89, ak règleman ki pwomilge nan akò sa a; ak (2) tèm Aplikasyon an puiske li ka amande (chanje) detanzantan.
  - b. Chat BDEA pèmèt lekòl la gen yon kapasite pou l pran 505 elèv aprè ane lekòl 2019-2020 an, yon lekòl ki pa gen nivo klas, ki baze sou konpetans, ki dwe jwenn rekòmandasyon Komisyonè a ak apwobasyon Komisyon Edikasyon Primè ak Segondè.

c. Misyon BDEA se re-angaje jèn ki deraye yo nan edikasyon yo pou yo ka gradye nan lekòl segondè epi pou yo ka prepare pou yo reyisi nan edikasyon aprè lekòl segondè ak vin manb aktif kominote yo a. Vizyon BDEA se vin yon lidè nan inovasyon edikasyon ki santre sou elèv.

d. MOU sa a pral pwoteje otomomi ki pèmèt lekòl endepandan yo egzèse libète pou detèmite mwayen ki kapab pèmèt yo reyalize siksè elèv yo. Otomomi sa yo se Gouvènans, Bidjè, Rekrite anplwaye, Pwogram ak Evalyasyon ak Orè ak Kalandriye Eskolè.

## 2. Bidjè Anyèl BDEA.

- a. BPS dakò pou l bay BDEA yon Bidjè Jeneral (Lump Sum Budget) chak ane konfòmman avèk M.G.L. c. 71, §89 ak règleman ki pwomilge yo an relasyon avèk tèm Akò sa a toutotan BDEA kontinye fonksyone kòm yon Lekòl Endepandan Horace Mann.
- b. Yo dwe kalkile Bidjè Jeneral sa a sou baz finansman elèv vilnerab (WSF) modèl ke Boston Public Schools adopte ak aplike pou ane enskripsyon BDEA k ap vini an. Yon aranjman, baze sou menm fòmil ki itilize nan lòt lekòl Boston Public Schools yo, ap fèt nan bidjè sa a sou baz enskripsyon aktyèl 15 Novanm chak ane. Pwojeksyon pou ane k ap vini an pral valide nan mwa Novanm chak ane ant Finans BDEA ak Finans BPS, pandan y ap konsidere modèl enskripsyon BDEA yo ak plan pwogrè BDEA. Si genyen yon dezakò nan pwojeksyon enskripsyon yo, Prezidan Komisyon BDEA a oswa Prezidan lekòl la ak CFO Adjwen BPS la pral reyini pou yo rezoud li. Nenpòt nan pati yo ka fè apèl a Sirentandan pou desizyon final. Nan tout sikonstans, nenpòt ki diskisyon dwe rezoud atravè negosyasyon oswa apèl avan delè soumisyon bidjè BPS la nan Janvyè. Akoz nati enprevizib ak politik enskripsyon ouvè a, BDEA ka mande yon aranjman nan mwa Out chak ane nan bidjè BPS li a nan sityasyon kote kantite ak kalite elèv Edikasyon Espesyal oswa Elèv k ap apran Anglè yo devye anpil pa rapò ak ane avan an akoz règleman enskripsyon BDEA. BDEA pral itilize salè reyèl anplwaye yo nan kreye ak jere bidjè BPS li a.
- c. BDEA ap gen opòtinite pou l achte sèvis sipò santral diskre (discretionary central support services) nan distri a. Nan sityasyon sa yo kote BDEA pa chwazi achte yon sèvis sipò santral diskre, BPS pral ajoute menm kantite a selon depans pa-elèv pou sèvis la nan bidjè BDEA a. Anplis de sa, BPS pral bay sèvis non-diskre k ap gen ladan: transpò, benefis pou anplwaye, etablisman, pewòl, sekirite, sèvis alimantasyon, ak lòt sèvis biwo santral) kòm sipò an-espès. BPS ak BDEA pral reyini chak prentan pou analize tan ak longè sèvis "non-diskre" ke BPS dwe bay yo pandan ane k ap vini an.
- d. Bidjè Jeneral la (the Lump Sum Budget) p ap diminye paske lekòl la resevwa fon anplis nan men lòt sous ki pa fè pati BPS. BDEA dakò pou l fonksyone apati de

Bidjè Jeneral li a plis nenpòt ki lòt fon ke BDEA ta resevwa ki pa soti nan BPS, achte mwens sèvis nan BPS.

- e. Chak ane fiskal BDEA, konfòmeman avèk lwa M.G.L. c. 71, §89 ak règleman ki soti an relasyon avèk akò sa a, pral adopte yon bidjè fonksyonman anyèl pou BDEA, ki pral bay lajan k ap soti nan bidjè BDEA a misyon edikatif BDEA jan BDEA jije li nesèsè. Konfòmeman avèk règleman tout Lekòl Piblik Boston yo (Boston Public Schools), BDEA pral bay Chèf Ofisye Finansye BPS la (the "CFO") plan l sou ki fason li konte itilize Bidjè Jeneral li a nan fòm ak espas tan pUISKE li kapab presize de fason rezonab, avèk yon kopi li bay Komite Lekòl Boston, nenpòt kijan pa pita ke 1 Fevriye.
- f. BDEA ap fè CFO konnen amandman ak modifikasyon ki fèt nan bidjè a si se nesèsè, konfòmeman avèk politik BPS, pandan ane a; sepandan, si BDEA pa fè konnen amandman oswa modifikasyon ki fèt nan bidjè li p ap limite otorite bidjetè li selon lwa M.G.L. c. 71, §89. BDEA pral gen responsablite pou l konfòme avèk lwa ak règleman yo ki egzije yon kontwòl finansye endepandan lekòl la chak ane. Si yo mande sa, BDEA pral bay CFO plizyè kopi Kontwòl finansye anyèl BDEA, bidjè BDEA ak nenpòt ki amandman ak modifikasyon ki fèt ladan yo, ak nenpòt rapò finansye ke BDEA soumèt bay DESE Massachussets. CFO ka mande tou, epi BDEA dwe bay an repons a nenpòt ki demand, dokiman siplemantè pou sipòte bidjè fonksyonman anyèl BDEA oswa dokiman siplemantè pou nenpòt ki amandman oswa modifikasyon ki fèt nan bidjè li a. Nenpòt dezakò bidjetè pral rezoud atravè negosyasyon ant CFO ak Direktè an Chèf BDEA a oswa Prezidan Komisyon an. Nan sikonstans kote pa gen okenn rezolisyon ki pran, nenpòt nan pati konsène yo ka fè apèl a Sirentandan BPS la pou yon detèminasyon (desizyon) final. Nan tout sikonstans, nenpòt ki diskizyon dwe rezoud atravè negosyasyon oswa apèl avan 1 Fevriye.
- g. BDEA se yon LEA endepandan. Konsa, BDEA a ap responsab pou l aplike ak rann kont pou nenpòt ki sibvansyon leta oswa sibvansyon federal apa, ansanm avèk Sibvansyon Tit I, Tit II A, IDEA ak sibvansyon pou amelyorasyon lekòl la. BPS pral responsab pou l aplike pou ranbousman pou pwogram nasyonal nistrisyon lekòl yo.

### 3. Kont Fonksyonman ak Depans.

- a. Avan 1 Jiyè chak ane, CFO pral etabli yon kont pou BDEA selon montan Bidjè Jeneral la (the "BDEA Operating Account"). Sèlman Direktè an Chèf BDEA oswa moun li dezinye (yo) ap gen otorizasyon depans sou kont fonksyonman li a.
- b. BDEA pral mete an plas ak jere yon kotanbank apa selon kontwòl esklizif li (apati de, the "BEDA Bank Account"). BPS dakò pou l transfere nenpòt ki fon (lajan) ki pa t bay oswa ki pa t bidjetize pou salè oswa alokasyon omwen de fwa pa ane, avèk premye transfè a k ap fèt pa pita ke 1 Septan k ap soti sou Kont

Fonksyonman BDEA (BDEA Operating Account) ale sou Kont Bankè BDEA a (the BDEA Bank Account). Premye transfè a pral baze sou diferans ant montan total Bidjè Jeneral ke BPS bay BDEA ak yon estimasyon de montan fon BDEA deja depanse nan alokasyon ak salè. CFO BPS ak Direktè an chèf BDEA pral mityèlman valide montan transfè sa a. Dezyèm transfè a pral fèt avan 31 Janvyè epi l ap nesèsè si sèlman genyen yon ogmantasyon nan diferans lan ant montan total Bidjè Jeneral BPS bay BDEA a ak estimasyon montan fon BDEA deja depanse nan alokasyon ak salè. Pa egzanp transfè an janvyè a ap nesèsè si BDEA resevwa plis nan Bidjè Jeneral BPS li a aprè regleman pou enskripsyon nan BDEA, dapre pwosesis ki dekri anlè a. Twazyèm transfè a ka fèt aprè fen ane fiskal la. Aprè CFO fin fè yon ajisteman fen dane nan fèmti ane fiskal BPS la, nenpòt fon ki rete sou Kont Fonksyonman BDEA ap transfere sou Kont Bank BDEA. Depans k ap fèt sou Kont Bank BDEA pral fèt an konfòm avèk lwa, òdonans, ak regilasyon ki aplikab yo.

- c. BDEA pral gen opsyon pou l chwazi sèvis ak founiti non-pedagojik yo piske BDEA detanzantan pral detèmine depans, k ap gen ladan, teknoloji, devlopman pwofesyonèl, ak espòtif nan montan rezonab BPS detèmine. Pou tout founiti ak sèvis non-pedagojik ki achte yo, BDEA ka mande yo, BPS pral bay repons a demand sa yo, yon rapò anyèl k ap detaye kantite founiti ak sèvis ki bay ak konbyen founiti ak sèvis non-pedagojik ki achte yo koute. Anplis de sa, BDEA pral gen opsyon pou l achte founiti ak sèvis non-pedagojik jan BDEA detanzantan pral detèmine l.
- d. BDEA dakò ke li pral responsab pou tout depans ki asosye avèk fonksyonman BDEA. BDEA dakò tou ke li pral garanti e degaje BPS, fonksyonè li yo, ajan li yo, oswa anplwaye l yo de tout reklamasyon ki soti nan nenpòt ki depans ke BDEA, Administrasyon li an, fonksyonè li yo, ajan l yo oswa anplwaye li yo fè ki asosye avèk fonksyonman BDEA

#### 4. Etablisman.

- a. BPS ak BDEA rekonèt ke yo gen responsablite pou yo sekirize yon bonjan etablisman pou BDEA. BPS pral bay ak jere yon etablisman adèkwa pou BDEA, oswa yon etablisman ki konfòm avèk lwa ak regilasyon lekòl endepandan (603 CMR 1.08) ak Paragraf 14 03-1 Komisyon Teknik Lekòl Endepandan Horace Mann DESE Massachusetts), pral bay BDEA fon pou l peye pou yon etablisman, ak depans ekivalan pou sèvis, antretyen etablisman, ak salè pou gadyen ke BPS t ap bay BDEA si li te nan yon etablisman BPS.
- b. Sou rezèv akò ki mansyone deja kote BPS dakò pou l bay BDEA fon pou l peye pou yon etablisman, sizanka BDEA ap fonksyone nan yon etablisman ki pa pou BPS, BDEA dakò li dwe fè sèten ke sit la ak etablisman lekòl la konfòm avèk lwa ak regilasyon ak kòd lokal, leta ak fedral yo epi li dwe responsab pou tout depans ki asosye avèk sa. Sou rezèv akò ki mansyone deja kote BPS dakò pou l bay BDEA fon

pou l peye pou yon etablisman, sizanka BDEA ap fonksyone nan yon etablisman ki pa pou BPS, BDEA dakò tou pou l responsab pou pèman pou tout egzijans lwaye oswa ipotèk sou sit la ak nan etablisman yo pou lekòl, depans pou sèvis piblik ak nenpòt ki lòt depans ki asosye avèk fonksyonman sit la ak etablisman yo. Nan sityasyon kote BDEA ap fonksyone nan yon etablisman ki pa pou BPS, nenpòt kontra acha oswa lwaye ki gen rapò a sit la oswa etablisman pou BDEA, ak nenpòt ki renouvèlman, dwe soumèt bay BPS pou analiz ak apwobasyon Komite Lekòl Boston ak Sirentandan lekòl yo avan BDEA egzekite yo, ki pa ta dwe refize oswa an reta san rezon.

- c. Si BDEA twouve l nan yon etablisman ki pou BPS, BPS dwe fè sèten ke sit la ak etablisman pou lekòl konfòm avèk kòd, regilasyon ak lwa lokal, leta ak federal epi BPS dwe responsab pou tout depans ki asosye avèk sa, ak depans pou sèvis piblik epi l ap responsab pou l fè antretyen nan batiman yo ak sipòte rapid nenpòt ki reparasyon kapital ke BDEA mande. BPS gen pwosesis an plas pou mete priyorite sou antretyen ak demand kapital lekòl BPS yo fè. Demand travay pou ki fèt nan etablisman yo ke BDEA fè ap antre an konsiderasyon epi pase an priyorite rapid selon bezwen an, BPS ap itilize menm kritè yo pou tout lòt etablisman ki pou BPS. BDEA ak BPS pral mete yo dakò sou yon espas tan ki rezonab pou amelyorasyon tout etablisman yo epi BPS dwe bay amelyorasyon sa yo nan espas tan sa a.
- d. Amwens ke pwosesis Konstriksyon BPS la (the BuildBPS process) idantifye ke gen yon bezwen pou chanje etablisman kote BDEA ye kounye a, BDEA ap kontinye rete nan lokal li ye nan 20 Kearsarge Ave, Roxbury, MA 02119. Si, alavni, BPS antame pwosesis pou l retire BDEA nan lokal sa a, BPS dakò pou l avize BDEA de sa pa pita ke 1 Janvyè pandan ane lekòl avan li retire l. Avan nenpòt ki desizyon final konsènan relokalizasyon etablisman yo, Prezidan Komisyon (Administrasyon) BDEA a ak Direktè an Chèf la dwe reyini avèk Sirentandan BPS la pou diskite sityasyon an. Desizyon Komite Lekòl Boston an se desizyon final konsènan plasman BDEA nan yon lokal BPS. BDEA rezève dwa l pou l fè apèl a DESE jan li detaye nan pati rezolisyon diskisyon MOU sa a. Si BPS mete l nan yon etablisman ki pa pou BPS, tout pwovizyon MOU sa a ak lwa ak regilasyon ki lye yo aplikab.

## 5. Edikasyon Espesyal ak Elèv k ap Aprann Anglè yo

- a. BDEA pral kolabore avèk BPS pou jere ak bay Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELs) ak elèv edikasyon espesyal yo tout aspè sèvis yo, k ap gen ladan: fè sèten ke yo konfòm avèk lwa ak règleman leta ak federal; sipèvizite tout pèsonèl edikasyon espesyal ak pèsonèl EL yo ak founisè sèvis yo; pèsonèl antrenman EL ak edikasyon espesyal yo; sipèvizite Analiz Pwogram Koòdone DESE Massachusetts la; fasilite reyinyon IEP; jere dosye edikasyon espesyal ak dosye EL yo; kolekte ak jere done ki gen rapò avèk elèv edikasyon espesyal ak elèv EL yo; pwograme reyinyon IEP; delivre sèvis bay elèv EL ak elèv ki gen andikap yo; devlope ak jere IEP yo; administre tès akademik yo; jere ka; bay Pwofesè SPED yo, EL yo ak Pwofesè Edikasyon Espesyal yo sipò nan fè ti gwoup ansèyman; bay sipò konpòtmantal nan fòm analiz konpòtmantal fonksyonèl ak plan entèvansyon konpòtmantal pozitif; fasilite seyans konsèy

(counseling) nan gwoup ak endividyèl; fasilite reyinyon Ekip Sipò Elvè yo (SST); fè evalyasyon mantal; bay terapi lapawòl ak langaj nan gwoup ak endividyèl; fè tè lapawòl-langaj; bay terapi okipasyonèl nan gwoup ak endividyèl; fè evalyasyon okipasyonèl; bay terapi fizik; fè evalyasyon terapi fizik; kreye pwogram Edikasyon Fizik Adapte, ak bay sèvis edikasyon fizik adapte.

- b. BDEA pral responsab pou li anplwaye, jere ak evalye tout pèsonèl BTU ki nesèsè pou reponn avèk bezwen elèv ki se Elèv k ap Aprann Anglè ak/oswa elèv ki bezwen sèvis edikasyon espesyal. Tout desizyon pou anplwaye pèsonèl pou EL ak edikasyon espesyal ap sou kont BDEA epi y ap bay tout sèvis ki mande nan IEP elèv la.
- c. Nan sikonstans kote yon elèv BDEA ki gen andikap kote ekip IEP li a detèmine ke li bezwen yo mete l nan yon lekòl ki pa lekòl BPS, responsablite BPS pou depans plasman sa a dwe fèt atravè règleman edikasyon espesyal leta ki apwopriye, menm jan li t ap fè pou nenpòt ki lekòl BPS. Sepandan, si yon elèv BDEA bezwen yon plasman ki pa nan distri a, oswa yon lòt plasman nan distri a, BDEA dwe konkli (yon) reyinyon IEP (yo) san idantifye yon tip plasman espesifik, li dwe fè BPS konn sa nan de jou lekòl epi li dwe envite yon reprezantan departman edikasyon espesyal BPS patisipe nan nenpòt ki reyinyon plasman enpòtan. BDEA dakò ke nenpòt ki plasman an deyò distri a pa gen dwa finalize san apwobasyon reprezantan edikasyon espesyal BPS la.

## 6. Rekritman Anplwaye.

- a. Seleksyon ak Rekritman BDEA gen dwa pou l seleksyone anplwaye pou nenpòt ki pòt nan lekò la. BDEA ka fòmile tit, deskripsyon, devwa ak responsablite djòb pou nenpòt ki pòs nan lekòl li a. BDEA ap responsab pou l fè sèten ke nenpòt ki rekritman konfòm avèk tout egzijans lisans yo.

BDEA dwe rete andeyò tout akò enterè kolektif lokal BTU ak pratik pase yo eksepte pèsonèl BDEA ki ka kontinye rete manb inite negosyasyon kolektif lokal la epi yo dwe kontinye ogmante ansyènte (accrue seniority) ak yo dwe resevwa, yon minimòm, salè ak benefis ki etabli nan kontra BTU a. Seleksyon manb pèsonèl yo dwe konfòm avèk lwa federal ak leta ak òdonans minisipal ki aplikab yo. Pèsonèl yo ap touche omwen jan echèl salè BPS dikte l, men BDEA gen dwa rekompans manb pèsonèl yo odela de echèl salè a epi li pa obligatwa pou konfòme a BPS oswa etap/koulwa sendika salè. Tout salè andeyò salè etap ak nivo salè ki etabli dwe diskite nan Biwo Kapital Imen (Human Capital) ak Direktè Finansye a avan òf la. Si yon anplwaye BDEA resevwa rekonpans odela de echèl salè estanda, anplwaye ap tounen nan echèl salè kontratyèl la dapre eksperyans ak Konpetans akademik si anplwaye sa a kite BDEA pou yon lòt pòs nan distri a.

- b. *Jesyon ak evalyasyon.* BDEA atravè Komisyon administrasyon li a, dwe jere anplwaye l yo. Tout manb pèsonèl BDEA dwe fè yon eleksyon pou kontra travay ki gen ladan kondisyon travay yo chak ane a. BDEA pral adopte sistèm evalyasyon edikatè BPS adopte nan tout kategori djòb yo.

- c. *Pwolongasyon ak revokasyon.* BDEA kapab de fason envolontè pwolonje manb BTU, Guild ak manb BASAS yo nan bay avi pwolongasyon envolontè disi 1<sup>ye</sup> Fevriye. Dispozisyon nan nenpòt akò negosyasyon kolektif ki enpòtan konsènan pwolongasyon, ansyènte, transfè, revokasyon ak re-entegrasyon pa dwe aplike a BDEA eksepte manb inite negosyasyon kolektif la ki dwe kontinye avèk pratik ansyen an. BDEA dakò revokasyon tout manb pèsonèl yo dwe fèt konfòmman avèk lwa federal, leta ak òdonans misipal ki aplikab la ak Rekonesans akò Kondisyon Travay yo. BDEA ka pote disiplin, rive jiska revokasyon anplwaye konfòmman avèk lwa leta ak federal ak òdonans minisipal ki aplikab yo. BDEA dwe avize Biwo Reprezay Travay BPS de nenpòt ki disiplin oswa revokasyon avan yo aji kont anplwaye a.
- d. *Pwosedi ak avi konsènan anplwaye.* BPS dakò ke nenpòt oswa tout rekritman ak revokasyon anplwaye BDEA ap trete nan yon espas tan ki rezonab nan Biwo Resous Imen (Human Capital) BPS. BDEA dwe bay Biwo Resous Imen BPS avi a atan pou nenpòt chanjman anplwaye pou ane lekòl k ap vini an. Avi sa dwe fèt pa ekri ak li dwe rive jwenn BPS nan espas tan ki rezonab. Nan oken sikonstans yon anplwaye pa gen dwa kanpe ap travay devan timoun san yon verifikasyon CORI satisfèzan. BPS pral verifiye pase moun sa nan non BDEA atravè pwosedi nòmral li.
- e. *Kondisyon Travay.* Dispozisyon negosyasyon kolektif BTU yo dwe aplike a anplwaye BTU ki nan BDEA yo sof ke manb BTU yo pral resevwa, yon minimòm, salè ak benefis ki dekri nan kontra negosyasyon kolektif BTU a. Nan tout lòt chanjman nan kondisyon travay BTU yo, BDEA gen entansyon pwolonje jounen ak ane lekòl yo odela de kalandriye eskolè estanda BPS. Chak anplwaye BDEA ap siyen yon Eleksyon a Kontra Travay (Election to Work Agreement) avan ane lekòl la kòmanse. Dokiman Eleksyon a Travay la pral detaye kondisyon travay pou pòs anplwaye sa a, k ap gen ladan kantite lè pa jou ak kantite jou pa ane.

7. Konfòmite avèk Lalwa.

- a. BDEA dakò pou l konfòme avèk lwa, règleman, regilasyon ak kòd misipal, leta ak federal ki aplikab yo, ki gen ladan: dispozisyon Lwa Pwokirasyon Inifòm M.G.L. c. 30B; M.G.L. c. 71, §89 ak 603 CMR §1.00 *et seq.*; M.G.L. c. 71; sila yo ki gen rapò avèk divèsite elèv, pwofesè ak lòt pèsonèl; pwoteksyon dwa ak enterè elèv yo ak pèsonèl yo; depans fon piblik; ak refòm edikasyon. BDEA dakò tou pou l konfòme l avèk politik dwa sivil BPS yo. Elèv ki gen bezwen espesyal oswa ki se Elèv k' ap Aprann Anglè (ELs) yo pral idantifye, evalye, ak sèvi yo de fason apwopriye konfòmman avèk egzijans federal ak egzijans leta. San limite akò sa a, BDEA dakò ke li dwe pran responsablite l selon Akò sa a, konfòme l avèk chak dispozisyon M.G.L. c. 268A (Lwa Konfli Enterè a) nan tout aplikabilite dispozisyon ki dekri yo. Non konfòmite avèk egzijans legal ki aplikab yo ka lakoz fen Akò sa konfòmman a seksyon 16 akò sa a.

- b. BDEA dakò ke tout desizyon sou kesyon anplwa ap fèt konfòmman avèk lwa federal ak leta ki aplikab yo. BDEA, antanke yon pati Boston Public Schools, rekonèt ak sipòte objektif distri a pou anplwaye yon gwoup travayè (workforce) ki reprezante divèsite popilasyon elèv ak li pral chèche anplwaye yon gwoup travayè ki divèsifye.

8. Estrikti Gouvènans.

- a. BDEA rekonèt ke li fòme, epi apati de akò sa a l ap rete, yon Komisyon Administrasyon, kò gouvènans ki etabli nan règleman li yo. Komisyon Administrasyon an dwe asire konfòmman avèk lwa, regilasyon ak kòd yo.
- b. Komisyon Administrasyon BDEA a dwe fè l fonksyone epi jere li san Komite Eskolè Boston lan.

9. Rekritman, Evalyasyon ak Revikasyon Administratè Kay (yo).

- a. Komisyon an dwe seleksyone ak rekrite Direktè an Chèf la epi fikse salè pou Direktè an Chèf la, avèk apwobasyon Sirentandan avan nenpòt ki òf anplwa fèt. Sirentandan pa dwe san okenn rezon retade apwobasyon li pou swa Direktè an Chèf la oswa retade apwobasyon l pou salè Direktè an Chèf la ke komisyon an fè. Komisyon an dwe evalye Direktè an Chèf la epi soumèt rekòmandasyon l yo konsènan Direktè an Chèf la bay Sirentandan nan fòm yon evalyasyon, konfòmman avèk regilasyon leta ki aplikab yo. Pati konsène yo an fonksyon de Akò sa a rekonèt ke se sèlman Sirentandan an ki ka revoke Direktè an Chèf la. Sepandan, revokasyon Direktè an Chèf la, dwe baze sou yon rekòmandasyon ke Komisyon Administrasyon BDEA a soumèt bay Sirentandan.

10. Koòdinasyon Pwogram avèk BPS.

- a. *Fonksyonman.* BDEA ak BPS pral koòdone ansanm nan devlopman direktiv fonksyonman anplwaye BDEA yo ( menm jan avèk tout lòt règleman yo, konfòmman avèk ezijans sèvis sivil ak pratik travay ki jis); bidjetizasyon (menm jan avèk lòt règleman yo, soumèt bidjè fonksyonman anyèl la atan pou li ka apwouve nan menm moman Komite Eskolè a ap apwouve bidjè BPS la); koòdone devwa elèv yo; etablisman yo; ekite; transpò; acha ak lòt règleman ak direktiv fonksyonman jan pati konsène yo detèmine ke l ap bon. Jan de koòdinasyon sa a dwe fèt kontinyèlman, jan pati yo detèmine ke l ap bon.
- b. *Transpò ak Kalandriye Lekòl la* BPS ap bay transpò konfòmman avèk M.G.L. c. 71, §89(cc). BDEA ak BPS pral reyini avan 1 Avril chak ane pou yo detèmine lè ouvèti ak fèmti lekòl la pou yo ka ede distri a idantifye mwayen transpò efikas, reta bis yo ak pèman pou transpò piblik, bis siplemantè, lòt itinerè (wout) pou bis yo, oswa lòt fòm



transpò, si BDEA mande. BPS pral fè aranjman nan jounen ak ane lekòl espesifik BDEA yo.

- c. Disiplin Elèv. BDEA sètifye ak li rekonèt li adopte Kòd Konduit BPS yo an fonksyon de Akò sa a. Pati yo rekonèt ke BDEA ka adopte pwòp règleman pa l konsènan konduit elèv yo. Nenpòt règleman disiplin dwe devlope an tout konfòmite avèk lwa ak regilasyon federal ak leta, ansanm avèk M.G.L. c. 71, §§37H, 37H1/2 and 37H3/4. Anplis de sa, nenpòt règleman ki konsène konduit elèv dwe genyen langaj klè konsènan etap ak pwosesis nesèsè pou fè sèten ke yo menm. BDEA dakò pou l soumèt bay BPS yon kopi final e apwouve sou règleman yo konsènan konduit elèv avan kòmansman chak ane lekòl. BPS ak BDEA pral devlope yon pwosesis pou fè sèten ke elèv yo mete deyò nan BDEA ki pral re-enskri nan BPS konfòm avèk fason BPS re-pran elèv yo mete deyò nan lòt lekòl BPS yo.
- d. Teknoloji. Teknoloji pwogram 'laptòp pou aprantisaj' la pral rive sou anplwaye BDEA yo. BPS ap bay BDEA sipò rezo ak òdinatè ak lojisyèl mizajou ak sipò Egzamen Leta (MCAS, ACCESS).
- e. Devlopman Pwofesyonèl. BDEA pral gen aksè a tout opòtinite devlopman pwofesyonèl nan tout Distri a ak TLT, sipò pou elèv (ak CPI), aktivite akademik, ak ekspwlatasyon òf devlopman pwofesyonèl. Manb pèsonèl BDEA yo pral patisipe nan devlopman pwofesyonèl obligatwa selon pozisyon ak tit yo.
- f. Nitrisyon: BPS pral anplwaye pèsonèl ak byen ranpli kaferia BDEA pou l bay elèv yo manje ki obligatwa selon règleman alimantasyon, règleman byen-èt lekòl la ak egzijans etablisman an.
- g. Espò. Antanke yon lòt lekòl BPS, elèv BDEA ke pèsonèl BDEA yo detèmine ki nan bon pozisyon akademik, pral gen aksè a pwogram espò BPS yo atravè patenarya lekòl segondè jan direktè espò BPS la idantifye l. Elèv yo pral gen dwa pou yo atache avèk pwogram espò lekòl segondè yo voye a si yo vle.

#### 11. Enskripsyon Elèv, Rekritman ak Retni.

- a. Elèv yo pral enskri nan BDEA konfòmeman avèk dispozisyon M.G.L. c. 71, §89(l), (m), ak (n). Elèv ki soti nan BDEA ka enskri nan lòt lekòl ki nan BPS konfòmeman avèk dispozisyon M.G.L. c. 71, §89(p). Si elèv sispann ale nan BDEA pou yon rezon kèlkonk, BDEA dwe ranpli plas la konfòmeman avèk dispozisyon M.G.L. c. 71, §89(n).
- b. Elèv ki enskri nan BDEA sou baz règleman ki defini nan règleman enskripsyon apwouve lekòl la, ki dwe gen ladan dispozisyon pou yon lotri ak bay elèv distri yo preferans. Distri a pa kontwole enskripsyon elèv nan BDEA epi li ka pa egzije elèv rezidan BDEA yo pou yo enskri nan distri a avan oswa kòm yon kondisyon pou yo enskri nan BDEA.

- c. Yo pral antre BDEA nan tout majè evenman ak materyèl rekritman elèv BPS yo, ansanm avèk Showcase Eskolè anyèl yo, menm jan avèk nenpòt ki lòt lekòl BPS. Konfòmeman avèk M.G.L. c. 71, §89(g), BPS pral bay BDEA oswa yon trazyèm pati konsènen yon adrès imèl adomisil avèk enfòmasyon kontak elèv la ak done demografik debaz pou itilize nan jefò rekritman elèv la, akondisyon ke BDEA dakò pou l kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl. BDEA pral soumèt bay BPS chak ane plan retansyon ak rekritman ke li devlope pou DESE.
- d. BDEA pral bay BPS kopi aplikasyon enskripsyon elèv li a, epi BPS pral mete aplikasyon sa a disponib nan tout Sant Akèy BPS yo ak sou sit BPS la. Anplis de sa, BDEA ka distribiye aplikasyon enskripsyon elèv li a nan lokal yo epi atravè lòt mwayen. BPS pral fè sèten ke fanmi nan Sant Akèy yo kapab fè konnen entansyon yo genyen pou yo aplike nan BDEA, epi BPS pral rapòte enfòmasyon sa yo bay BDEA nan yon espas tan rezonab. BDEA pral konfòme l avèk pwòp règleman konble espas vid ak transfè li a. Sepandan, BDEA pral travay avèk departman Sipò ak Planifikasyon Enskripsyon BPS la pou devlope yon règleman transfè ki konfòm avèk règleman transfè BPS. Anplis de sa, BPS pral onore desizyon BDEA yo konsènan desizyon retansyon ak pwomosyon elèv yo, menm jan l fè pou nenpòt ki lòt lekòl BPS.

12. Egzijans pou Gradyasyon ak Diplòm

- a. Pou elèv yo gradye nan BDEA, elèv yo dwe pase egzamen Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts la (Massachusetts Comprehensive Assessment System) (MCAS) nan Atizay Lang Anglè (ELA), Matematik ak Syans; yo dwe demontre yo gen konpetans nan matyè sa yo ak nan teknoloji lè yo rive fè anviwon 300 nòt referans lan, epi prezante yon pwojè (Capstone) ki baze sou akimilasyon eksperyans entèlektiyèl ak pwofesyonèl ki enpòtan pou elèv la. BDEA ankouraje elèv yo montre sa yo konnen nan plizyè fason, tankou patisipasyon nan Senpozyòm (Symposium), yon atelye-travay plizyè semèn ki baze sou pwojè, ak patisipasyon nan yon jounen anplis ki gen opòtinite estaj ak eksplorasyon karyè pwofesyonèl, ansanm ak kou anrichisman, ki gen divès opòtinite atistik, fizik, sante ak byennèt. BDEA pral bay tout elèv ki reponn ak tout egzijans gradyasyon lekòl la diplòm. Se BPS ki bay diplòm yo epi se Prezidan Komite Lekòl yo, Sirentandan BPS la ak Tèt Lekòl BDEA ki siyen yo.

13. Egzijans Enfòmasyon.

- a. BDEA dakò pou l soumèt tousuit nenpòt ki enfòmasyon oswa done ki gen rapò avèk operasyon ak fonksyonman l, de fason rezonab jan BPS mande l ak egzije l. Byenke aktyèl sistèm Enstab (Aspen) la pa konpatib avèk sistèm BDEA ki baze sou konpetans sou kesyon orè, klas ak prezans, BDEA dakò pou l itilize konpozan Sistèm Enfòmasyon Elèv BPS yo ki konpatib avèk sistèm lekòl la, ak prezans ak disiplin batiman yo. BDEA dakò tou pou l itilize sistèm jesyon enfòmasyon elèv edikasyon espesyal BPS la.

- b. BDEA gen opsyon aksede a evalyasyon tout distri a an jeneral (ki gen ladan, evalyasyon kou nan mitan ane, ak nan fen ane), men li pa obligatwa pou l fè sa. BDEA dwe konsilte BPS pandan l ap devlope Plan Responsablite ke DESE egzije a, pou fè sèten ke BDEA etabli objektif pèfòmans ki konfòm avèk atant BPS yo. Avan l Out chak ane, BDEA ap soumèt bay BPS yon kopi Plan Rapò ak Responsabilite Anyèl ke DESE egzije.
- c. BDEA pral responsab pou l soumèt done yo mande yo bay MA DESE, ak SIMS, SCS ak EPIMS. BPS pral kolabore avèk BDEA pou l bay done ki kapab nenèsè pou fasilite soumisyon sa yo.
- d. Komite Eskolè a ap devlope yon plan pou pwopaje pratik inovan BDEA yo nan lòt lekòl piblik nan distri a an fonksyon dispozisyon aplikab legal nenpòt ki kontra ant BDEA ak yon lòt founisè. BDEA dakò pou l kolabore avèk BPS ak Komite Lekòl Boston ansanm pou yo devlope plan pou pratik inovan yo. Plan pratik inovan ak plan evalyasyon an dwe disponib pou Sirentandan an analize oswa eprezantan li a sou demand.

14. Devwa:

Akò sa a gen dwa pa ka fèt san konsantman ekri davans Sirentan oswa reprezantan li a.

15. Tèm Akò a.

Tèm Akò sa se peryòd soti dat egzekisyon Akò a jiska 30 Jwen 2023. Pa pita ke si (6) mwa avan ekspirasyon tèm Akò sa a, oswa ekspirasyon chat BDEA, nenpòt sa ki ekspire avan, BPS ak BDEA dwe reyini epi fè yon bonjan efò pou diskite ak planifye kontinite Akò sa a, ak fonksyonman kontinyèl BDEA konfòmman avèk Aplikasyon an ak Renouvèlman an, avèk modifikasyon sa yo kote de pati yo dakò, Komite Lekòl Boston apwouve, ak sibvansyon DESE Massachusetts yo. Nan sikonstans kote BDEA resevwa yon nouvo chat men yo pako mete yo dakò avèk BPS pou yon nouvo MOU, MOU sa a ap rete an aplikasyon jiskaske yo dakò sou yon nouvo MOU.

16. Endamnite.

Pati yo ansanm di yo konprann ke BDEA se yon inite Depatman Lekòl Piblik Boston sèlman nan limit lalwa, ak dispozisyon M.G.L. c. 71, §89 ak règleman ki pwomilge sou kesyon sa a. Pati yo deklare yo rekonèt ke BDEA se yon antite endepandan de Depatman Lekòl Piblik Boston eke Depatman Lekòl Piblik Boston (Boston Public School Department) pa responsab pou aksyon oswa omisyon BDEA a, Komisyon an, fonksyonè l yo, ajan oswa anplwaye l yo sof an konfòmite avèk lalwa, ak dispozisyon M.G.L. c. 71, §89 ak règleman ki pwomilge sou kesyon sa a.

17. Fen.

BDEA rekonèt ke Sirentandan responsab edikasyon pou tout elèv BPS. Nan ka kote Sirentandan detèmine nan jijman pwofesyonèl li ke BDEA pa nan enterè BPS ak/oswa BDEA pa konfòme l avèk egzijans Akò sa a, li gen dwa pou l envoke yon pwosedi plent ki etabli nan 603 CMR 1.09 et seq., ak/oswa prezante fè yo bay Komisyonè Edikasyon an pou yon demand analiz ak envestigazyon BDEA. Anplis de sa, Akò sa a otomatikman fini nan ka kote Komisyonè Edikasyon an revoke chat BDEA pou yon rezon kèlkonk. Nan ka kote Akò sa ta pran fen, BPS dakò pou l ranbouse BDEA depans valab li te fè avan fen Akò a.

18. Dwa ak Apèl BDEA.

BPS rekonèt ke BDEA gen dwa pou l depoze yon apèl nan DESE Massachusetts, konfòmman avèk pwosedi ki anplas nan 603 CMR 1.09 et seq., si BDEA detèmine selon jijman pwofesyonèl li ke BPS pa respekte egzijans Akò sa a oswa dispozisyon M.G.L. c. 71, §89. BDEA dakò ke li pa dwe depoze jan de apèl sa yo nan DESE Massachusetts san l pa avize BPS pa ekri omwen katòz (14) jou sou entansyon BDEA pou l depoze yon apèl epi sou ki motif apèl sa a pral baze.

19. Avi.

Amwens ke ta gen yon lòt bagay ki presize nan Akò sa a, tout avi, demand ak lòt komikasyon k ap resevwa oswa k ap fèt ant pati yo, dwe fèt pa ekri epi yo dwe delivre yo pa lapòs nan:

(A) Sizanka se BPS:

Sirentandan an  
Boston Public School Department  
2300 Washington St.  
Roxbury, MA 02119

(B) Sizanka se BDEA:

Prezidan Komisyon Administrasyon an  
Boston Day and Evening Academy  
20 Kearsarge Avenue  
Roxbury, MA 02119

Nenpòt nan pati yo, pa avi ekri ka, dezinye yon lòt adrès. Nenpòt avi, demand, dwe konsidere kòm livrezon lè pati yo adrese li a resevwa li efektifman.

20. Kontrepati.

Akò sa a ka egekite nan plizyè egzemplè, chak egzemplè sa yo dwe konsidere kòm enstriman orijinal, epi tout egzemplè yo ansanm dwe konstiye yon sèl akò.

21. Severite.

Si nenpòt dispozisyon Akò sa a oswa aplikasyon dispozisyon an konsidere kòm envalid, envalidite a p ap afekte lòt dispozisyon oswa aplikasyon Akò a, ki ka antre an aplikasyon san dispozisyon oswa aplikasyon envalid yo, konsa nan sans sa a nou deklare dispozisyon Akò sa a deklare separab.

22. Amandman.

Akò sa a, oswa nenpòt pati nan akò sa a, ka amande (chanje) detanzantan se sèlman BPS ak BDEA ki ka fè amandman sa a pa ekri.

NAN VALIDASYON AKÒ SA A, pati yo siyen Akò sa a avèk so.

BOSTON PUBLIC SCHOOLS

Pa: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan

APWOUVE POU KOPI KONFÒM.

Pa \_\_\_\_\_  
Konsèy Kòporasyon

BOSTON DAY AND EVENING ACADEMY

Pa: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
Non: Cris Rothfuss  
Prezidan Komisyon Administrasyon an